



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ELAJI SÈVIS POU MOUN KI GEN BEZWEN SANTE MANTAL KONPLÈKS NAN KONTE MONROE

4 milyon dola yo repati nan katriyèm ekip angajman entansif ak soutni Eta a

Nan kad plan istorik yon milya dola Gouvènè a pou ranfòse sistèm swen sante mantal eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay 4 milyon dola pou etabli yon nouvo [ekip Angajman Entansif ak Soutni](#) (Intensive and Sustained Engagement team) pou sèvi moun ki gen bezwen sante mantal konplèks nan vil Rochester ak Konte Monroe. Finansman eta a, ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a jere, pral etabli ekip miltidisciplinè kamarad ap dirije pou bay sèvis sipò kominotè entansif pou moun ki gen bezwen konplèks ki gen difikilte pou konekte ak fòm tradisyonèl swen sante mantal yo.

"Nouyòkè ki te viv eksperyans ak maladi mantal yo souvan se moun ki pi efikas pou angaje ak siksè moun ki gen bezwen sante mantal ak fizik konplike," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou elaji pwogram ki gen siksè kamarad ap dirije sa a nan Konte Monroe, nou ka rive atenn yon pi gwo kantite moun ki gen bezwen swen sante mantal ki pa satisfè epi ede konekte yo ak sèvis ak sipò yo ka konte sou yo pou viv san danje epi avèk siksè nan kominote yo."

Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) te [bay 12 milyon dola](#) pou etabli twa premye ekip eta a nan Vil New York, Westchester ak nan Long Island. Pou premye ekip ki baze nan nò eta a, [Housing Options Made Easy, Inc.](#), yon founisè sèvis ki baze nan Konte Erie ak pwogram afilye nan 20 konte vwazen yo, pral devlope nouvo ekip la atravè finansman yo resevwa pandan senkan. Ekip solid la pral gen ladan yon lidè ekip kamarad, anplwaye sipò, yon lyezon fanmi, ak pwofesyonèl ki gen lisans, tankou yon travayè sosyal ak yon enfimyè pratikan.

Komisè Biwo Sante Mantal Eta, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Moun ki te viv ak maladi mantal yo nan yon pozisyon inik pou ede moun ki gen difikilte jodi a. Ekip kalifye sa yo ka bati konfyans pami moun ki gen bezwen sante mantal konplèks epi ede yo angaje yo nan sèvis ki nesèsè pou fè pwòp rekiperasyon inik yo. Agrandisman pwogram reyisi Gouvènè Hochul sa a se yon lòt egzanp detèminasyon li pou abòde

konplètman twou vid ki genyen nan sistèm swen sante mantal nou an epi asire tout Nouyòkè yo gen aksè a sipò sa yo."

[Etid nasyonal](#) yo montre ke sipò kamarad ka ede jwenn, angaje ak konekte ak moun ki gen pwoblèm pou konekte ak sèvis sante mantal tradisyonèl yo. Pandan ke pwofesyonèl kamarad yo sipòte lòt moun sou chemen rekiperasyon an, yo anseye tou konpetans pou lavi epi ede moun ki gen pwoblèm sante mantal yo mennen yon lavi ki gen siksè ak sans nan kominote a.

Inite Angajman Entansif ak Soutni an fè pati [plan swen sante mantal 1 milya dola](#) Gouvènè Hochul pou amelyore sistèm swen sante mantal Eta New York lè li ajoute kapasite nan tout sistèm nan, elaji pwogram ki egziste deja yo ki gen yon istorik siksè ak finansman nouvo inisyativ ki baze sou prèv. Jodi a, prèske 900 milyon dola nan finansman sa a kounye a nan akizisyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)